*Ассаламу гІалайкум, квербакъайги!*

# ЧІАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧІАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 31 (7349) РУЗМАН 25 август 2023 сон

12+

## Призывалъул суалал дандрана




Райадминистрациялъул дандельабазул залалда тІобитІана муниципалитеталъул бетІер, призывалъул комиссиялъул председатель МухІидин МухІамадовасул нухмалъиялда гъоркь призывалъулаб комиссиялъул заседание. Гъениб гІахьаллъи гъабуна районалъул бетІерасул заместитель МухІамад ГІумаровас, районалъул рагъулав комиссар МухІамад МухІамадовас, росабазул поселениязул бутІруз ва ВУСазул хІалтІухъабаз.

Заседаниялъул хІалтІи байбихьулаго хал гъабуна араб ихдалил призывалъул хІасилазул ва хасалил призывалъул кампания тІобитІиялъе цере чІарал аслиял масъалабазул. МухІамад МухІамадовас баян гъабуна араб призыв 100 проценталъ тІубазабунилан.

«Ихдалил призывалъулаб кампания байбихьун букІана 1 апрелалда ва халат бахъана 15 июлалде щвезегІан. Киналго гІуцІабазул жигараб хІалтІул хІасилалдалъун нижеда кІвана районалда цебе лъун букІараб масъала тІубазабизе. Амма хІажат буго цо-цо ккарал данде ккунгутІиял бачІине бугеб призывалъулаб кампания тІобитІулаго лъугІизаризе. Гъеб хъинтІула повесткаби къеялда ва призывалде рачІине кколел гІолохъабаз гІумру гъабулеб бакІ мухІкан гъабиялда», - ян лъазабуна районалъул рагъулав комиссарас.

Хадуб призывниказул эбел-инсул ва гІагарлъиялъул рекІеда бугеб ахІвал-хІалги хІисабалде босун, районалъул бетІерас дандельаразда баян гъабуна гъанже РФялъул ВСалъул къеразулъ хъулухъ гъабизе армиялде ахІулел гІолохъаби СВОялъул рахъалде, ритІизе гъечІилан. Гъез хъулухъ гъабизе буго Россиялъул гІорхъабазда жанибго.

План тІубаялъухъ балагъичІого, жеги гІемерал руго кІвар къезе ккарал масъалаби. Гъездаса аслиябльун ккола бичІчІи къеялъул хІалтІи гъаби, гьелда бараб буго лъикІаб хІасил ккейги. Гъеб гІемерисеб гъабизе ккола армиялде ине гІурал гІолохъабаздехун.

Гъединабго бичІчІи къеялъул хІалтІи гъабизе ккун буго контрактнияб хъулухъалъул лъазабулагоги. Росабазул захІматчагІазда гъоркьор ратизе бегъула гІадамал хІалтІи гъечІого хутІарал, ялъуни бецІизе хІал кІолареб кІудияб кредит яги налъи бугелги. ХІажат буго, киназдаго лъазе контракталда рекъон хъулухъ гъабиялъулъ ругел бигъалъабазул. Гъеб кинабгоги букІине ккола законалда рекъон.

Армиялде хъулухъ гъабизе гІолохъаби ахІиялъул хІалтІи тІубараб лъагІелалъ гъабизе ккола, цохІого ихдал ва хасало гъабун течІого. Гъезухъе повесткаги къезе ккола кагътидаги хъван кодобе», - ян лъазабуна районалъул бетІерас.

Заседаниялда кІалъалаго призывалъул комиссиялъул председателас ва районалъул рагъулав комиссарас жавабал къуна гъенир гІахьаллъаразул суалазе.

Ахиралда МухІидин МухІамадовас росабазул поселениязул бутІруздехун вуссун лъазабуна, СВОялъул ракьалда рагъулел ругел районалдаса гІолохъабаз жалго рихьизарулел руго гІицІго лъикІаб рахъалдаса, бихьинчилъигун, къо хІехьейгун ва къуркьи гъечІого.

«СВОялъул гІахьалчагІазе ва гъезул хъизамазе кумек гъаби аслияб суаллъун кколеб буго нилъер щивасе. Гъелдаго цадахъ кколел руго цоцо хІужжаби гъезда жидерго гъарияй ва тІалабал нижер ихтияразда рукІунгутІиялъул. Гъединлъидал нижер щивасе хІажат буго гъезда кинабго бугеб ахІвал-хІал бичІчІизабизе ва РФялъул законодательствоялда рекъон гъезие кколеб кумек гъабизе», - ян тІадеги жубана муниципалитеталъул бетІерас.

## МухІамадица кумек гъабуна



Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, нилъер ракьцояв МухІамад Мухтарович СагІдулаевас материалияб кумек гъабуна МахІачхъалаялъул АЗСалда 14 августалда лъугьараб къвагъиялъул хІасилалда зарал ккарал гІадамазе.

Гуманитарияб кумек хІисабалда МухІамад СагІдулаевас 500 000 гъурущ битІана хасаб счеталде.

Депутатас гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго хваразул гІагарал-божаразда. Киналго зарал ккаразе ва унтун бусада регаразе гъарана ТІадегІанас щулияб сахлъи къегиян.

## Суворовасул медаль щварав

Жакъа нилъеца бицен гъабизе буго ЧІарада районалъул Гъочоб росулъа СВОялъул ракьалда бахІарчилъи бихьизабулев гьитІинав сержант



Аминов ГъазимухІамад МикагІиловичасул. Гъесие РФялъул Президентасул Указалдалъун 2023 соналъул 24 маялда къун буго Суворовасул медаль.

ГъазимухІамад Аминов гьавуна 1991 соналда. Гъес лъугІизабуна МахІачхъалаялъул № 42 школа. Гъенив цІалулаго спорталъул лъикІал хІасилаз гьев лъугьана дзюдоялъул, самбоялъул ва рагъулаб самбоялъул мастерлъун. Спорталде хадубккунги кІвар къезе бегьилаан, амма 2014 соналда гьес хІукму гъабуна контрактги хъван рагъухъанлъун лъугьине.

Украинаялда СВО байбихьаралдаса ГъазимухІамад лъабго нухалда гІахьаллъана рагъулал лъугьа-бахъиназда – тІоцебесеб нухалда 4 моцІалъ, кІиабиледа – 7 моцІалъ ва хадусеб лъабго моцІрол гІахьаллъи лъугІана цодагьаб цебе.

«Энергодар шагьар кодобе босун, гъеб нилъер бербалагьиялде гъоркье ккаралдаса хадуб командованиялъ дун тІамуна шагьаралъул мэр Андрей Шевченко цІунизе. Лъабгоялдаса цІикІкІарал моцІаз дица хъулухъ гъабуна мерасул охранлъиялда. Доб шагьаралъул администрациялъул бетІерасде квешаб къасд гъабураб заманалда дун ва жеги кІиго дагъистанияв рукІана гъесда аскІор. Рукъалъул подъездазда рекъезабураб электроциталъул шкафалъуб лъун букІараб жидецаго хІадур гъабураб къвагъулеб алат хІалтІун бачІиналъ гъенир рукІаразе ва мэрасе ккана рухІун ругънал ва контузиял. Цогидазде данде ккун дие талихІ ккана, гъеб заманалда дун дагъав гъездаса рикІкІадегІан эхетун вукІана. Къвагъиялъул кутакалъ дун нахъегІан реххизавуна. Аллагьасе рецц буго – киналго чІаго хутІана. ЦохІого дун лъавуда вукІиналъ, дица тІоцебесеб медицинаялъул кумек гъабуна гъезие, ва хадуб, машинаялдаги рекІинарун, гъел щвезаруна больницаялде. Гъелъие гІоло дун вихьизавуна пачалихъалъул шапакъаталъе», - ян бицана рагъухъанас нижергун ккараб гара-чІвариялда.

Нижее рохеллъун ва чІухІилъун буго хІукуматалъул тІадегІанал хъулухъазда ругел гІадамал цІунизе нилъер гІолохъабазда боржел гъабулеб букІиналъулъ.

Гъарула бахІарчи – ГъазимухІамадие хадурккунги бергьенлъаби, талихІ ва битІккей гъесул бигьаяб гуреб хъулухъалъулъ.

## Пашманлъи загьир гъабулеб буго



14 августалъул къаси МахІачхъалаялда ккана ракІ гъанцІизабулеб лъугьа-бахъин.

Дармилаб «Глобус» централда аскІоб бугеб автосервисалъул минаялда рекІараб цІадул хІасилалда къвагъизабуна Новокулиялда аскІоб бугеб АЗС. Гъелъул хІасилалда гІумруялдаса ратІалъана анцІ-анцІ чи, нусгоялдаса цІикІкІарал гІадамазе ккана батІи-батІиял лъукъа-къотІиял ва гІемерал заралал, гъезда гъоркьор рукІана чІахІиялги лъималги.

ЧІарада районалъул бетІерас депутатазул корпусалъул ва захІматчагІазул рахъалъан гъваридаб пашманлъи загьир гъабуна гъеб цІадул кваркьиялде гъоркье ккарал киназулго гІагаразда ва божаразда.

Биччанте тІадегІанас бигьа гъабизе гъеб балагъалде гъоркье ккаразе гъабсагІаталда бугеб захІмалъи, мунахІал чураги хваразул ва сахлъаги лъукъа-къотІарал.

ЗахІматал ва балагъал къоял нужеда цадахъ нижецаги пашманго тІоритІулел руго, бащад гъабулеб буго нужее бугеб ками ва къогІлъи.

Сабруги къуватги къеги киналго зарал ккаразе ва хваразул гІагарлъиялъе.

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН»
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ

*с. Цуриб, пл. И. Шамиля, 368450*

*тел/факс 55-36-27, 55-36-23*
*E-mail: charodarayon@e-dag.ru*

**ПРОТОКОЛ**

**публичных слушаний по проекту Решения Собрания депутатов муниципального образования «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образовании «Чародинский район»**

Председательствующий - **К.М. Махачев**
Секретарь - **М.Д. Магомедова**

**Присутствовали – 96 человек.**

**Повестка дня**

Учет мнений населения и предложений граждан по проекту Решения Собрания депутатов муниципального образования «Чародинский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Чародинский район».

С докладом выступил Председатель Собрания депутатов К. М. Махачев. Он отметил, что в связи с необходимостью приведения Устава муниципального образования «Чародинский район» в соответствии с Решением Собрания депутатов муниципального образования от 20.07.2023г. № 117 принят проект Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Чародинский район», которым установлен порядок его обнародования, порядок учета мнения населения по проекту этого Решения.

Всем жителям муниципального образования «Чародинский район» была предоставлена возможность внести свои предложения и замечания по проекту Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Чародинский район» в рабочую группу Собрания депутатов муниципального образования с 28.07.2023 г. до 17.08.2023 года.

Однако никаких предложений и замечаний по проекту Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Чародинский район»» не поступило.

**Выступили:**

1. Омаров Г.Р. - предложил одобрить проект Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Чародинский район».
2. Курамагомедов Г.М. – поддержал предложение об одобрении проекта Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Чародинский район».

По результатам голосования решено, что все единогласно одобряют проект Решения «О внесении изменений и дополнений» в Устав муниципального образования «Чародинский район».

Обсудив доклад Председателя Собрания депутатов муниципального образования и учитывая поступившие предложения, участники публичных слушаний по проекту Решения «О внесении изменений и дополнений» в Устав муниципального образования «Чародинский район».

**Решили:**

Одобрить предложенный проект Решения «О внесении изменений и дополнений» в Устав муниципального образования «Чародинский район».

# Нух рукIалиде ккезабуна

Дагъал цере къоязда ЧIарада районалда рарал хехал цIадазул хIасилалда Кьесер гIорул Ойсор чIилаль хвезабуна Гъимикь росулъе ва Дагъистаналъул тIабигIаталъул памятник водопад «Чвахероялде» унеб нухлул таманаб бутIа.

ГIириб росулъа ШагIбан ШагIбановас кьураб техникаялъул кумекалда нух рукIалиде ккезабиялъул тIоцересел хIалтIаби гьаруна, лъелал гIададмал хьвадиялъе нух гьабун буго. Гьез гьениб бана заманалъул кьо – тIаде кIанцIараб гIорул чIилалда тIад.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровасул рагIабазда рекьон тIабигIаталъул балагьалдалъун ккараб зарал лъугIизабизе буго ва рукIалиде ккезабизе буго автомашинаби хьвадиялъе нухги.

«БакIалда хIалтIулеб техникаялда бажарулеб буго гьенир хIалтIаби тIуразаризе. Автомашина тIасан хьвадулеб кьо заманаялъ кьан буго. Амма гьенир хIалтIулезул рагIабазда рекьон гьебги къасиялдехун хIалтIизе биччазе ракIалда буго. БакIалдазе гIумру гьабулел гIадамазе киналгIаги квалкквалал гьечIо», - ян лъазабуна районалъул бетIерасул заместителас.

# Районалда цIияб воркаут-площадка

ЩIуриса Гьидибехун рахъалде унеб кьода аскIоб рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана цIияб воркаут-площадка.



Гьелъие ЧIарада районалда спорт цебетIезабиялъулъ цо бихьулеб бутIа лъурав, СССРалъул спорталъул мастер Юсупов ГIумарасхIаб ГIусмановичасул цIар кьуна. Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, эркенаб гугариялъул рахьалъ СССРалъул судья, ГIумарасхIабил вац ГIубайдула ГIусмановас, ЩIуриб поселениялъул депутатазул Собраниялъул председатель Ярбилав Ярбиловас, ЩIуриб поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиевалъ, ГIумарасхIаб Юсуповасул лъималаз ва гIагарлъиялъ.

«ЧIарадисезе спорт чIобогояб рагIи гуро. Нижеда гьоркьор кидаго рукIана, руго ва рукIинеги руго цIар рагIизабурал спортсменал. Гьаб площадка «Спорт – норма жизни» абураб федералияб проекталда рекъон спорталъул ведомствоялъ цебе лъураб ва «Демография» халкьияб проекталъул кьучIалда бараб, лъугьине буго тIадеги районалъул гIолохъабазда гьоркьоб спорт цебетIезабиялъе цойги кIвар цIикIкIараб звенолъун. Дие кIиго нухалъ цIикIкIун разилъи буго

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

# Салманида баркула



ЧIарада районалъул Чанаб росулъа ГIумаров Салман МухIамадович СВО байбихьарал тIоцересел къояздаса нахъего вуго Украинаялъул ракьалда ВатIаналда цебе жиндирго рагьулаб налъи тIубазабулев.

Нижеца цебеккунги хьван букIана гьес ракIбацIцIадго жиндаго тIадаб хьулухъ гьабулеб букIиналъул. Рагъда гIахьаллъулел гьалмагъзаби хвасар гьарулел ва тIоцебесеб медицинаялъулаб хьулухъ гьабулеб буго Салманица жакъасеб къоялдаги.

СВОялъул ракьалда хъулухъ гьабулаго ГIумаров мустахIикълъун вукIана тIадегIанаб шапакъат «Бихьинчилъиялъул орденалъе».

ЧIухIигун лъазабулеб буго, гIолохъанав рагъухъан-прапорщикас, медицинаялъул пунктальул заведующий Салман ГIумаровас жиндирго копилкаялъубе рехана цоги шапакъат. Дагъаб цебе РФялъул оборонаялъул Министрас гьесие кьуна «За боевые отличия» абураб медаль.

Баркала буго Салмание ва цогидалги нилъер рагъухъабазе гьезул къвакIиялъухъ, бахIарчилъиялъухъ, кьо хIехьеялъухъ. Гьез жидерго гIумруялда, къуваталда барахщичIого цIунулеб буго нилъер гражданазул ракълилаб гIумру. Ниж чIухIарал руго нужеда!

Гьарула нужее хадурккунги бергьенлъаби, къвакIи, кьо хIехьей нужер бигьаяб гуреб хьулухъалда ва хехго рокьоре тIадруссине лъикIаб сахлъигун, сах-саламатго, Бергьенлъиги босун.

# АЗСазул хал гьаруна



ЧIарада районалъул автозаправочниял станциязда тIоритIана цIадудаса хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахьалъ бугеб ахIвал-хIалалъул хал гьариял.

Терроризмаялдегун экстремизмалде данде тIоритIулел тадбиразул профилактикияб отделалъул начальник А. МухIамадов, Россиялъул ЧIарада районалда бугеб ОМВДялъул участковияв ГI.Увайсов, ЩIуриб росулъ бугеб №36 пожарнияб часталъул отделениялъул командир Ш. ГIузеров ва районалъул администрациялъул ГО ва ЧС-алъул бетIерав специалист М. Расулов гьоркьор бугеб комиссиялъ гьабуна акт.

«Баракат», «Орфей», ИП «Рамазанова Паркъис», «Садулаев» АЗСазул хал гьабулаго баянлъана гьенир гIемерисезда гьечIо цIа ккараб заманалда хIажалъулел алатал лъолеб щит (пожарный щит), цIа свинабиялъе хIажалъулел алатал, хIинкъи гьечIолъиялъул хIакъалъулъ лъазабулеб уголок, дежурниял хисиялъул ва хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул хьвай-хьвагIай гьабулеб журнал, бакI-бакIазда гьечIо къаси канлъи бихьиялъе чирахъал, гьединго АЗСал рарал бакIалги гьечIо хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде данде кколел бакIазда.

ТIубан ратарал гIунгутIаби лъугIизаризегIан, цо-цо районалда ругел АЗСал кьан руго.

## Пачалихъалъул байрахъалъул къо

ХIурматиял ЧIарада районалъул жамагIат ва гьалбал!

Къабул гьаре баркиялъул бищунго хинал рагIаби унго-




унгоял россиялъулазул патриотияб байрам – Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо!

Нилъер байрахъалъ цадахъ бачунеб буго гIемераб тарих. ЧIухIадго парпадулеб лъабго кьералъул байрахъалъулъ буго гIемераб магIна – ритIухъльи, бихьинчилъи, адаб буголъи ва ракIбацIцIалъи нилъер захIматхалкъалъул.

Нилъеца хIурмат гьабизе ва цIунизе ккола ВатIаналъул тарих. Гьеб кинабго бараб буго нижергун нужер жигарчилъиялда, хIалтIи бокьиялда ва район, республика ва тIолабго улка кинабго рахъалъ лъикIаб букIинабиялда.

Киназулго гIаммаб масъала ккола гIун бачIунеб гIел ругьун гьаби вижараб ракьалдехун рокьи ва хIурмат букIинабиялъе, гьел гIун рачIине ВатIан бокьулел гражда볼аллъун.

Бокьун буго гьаризе нилъер улкаялъе цебетIей, гьенир гIумру гьабулезе сахлъи ва битIккей!

Рекъел, рухIияб рахъ къвакIи ва кинабго лъикIаб щинаб, гвангъараб нужее ва нужер хъизаназе!

## Байрамалъул тадбир

ЦIуриб росдал Культурияб кIалгIаялъул азбаралда тIобитIана РФялъул пачалихъияб байрахъалъул къо.

Кинalго гIахьаллъаразе саламги кьун, районалъул лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул начальник Шамил МустIапаевас бицана байрам баркиялъул тарихалъул, гьарана киназего ВатIан бокьи, гьабулеб ишалъулъ ритIухъльи, рекъел, талихI, щулияб сахлъи ва битIккей.

Хадур ракIазе асар гьабулел кучIдул рикIкIана тIаде лъай кьеялъул централда ругьун гьарурал лъимал.

ТадбиралЪул кинalго гIахьалчагIи ана районалъул музеялдеги.

Гьеб тадбиралда цадахъ Россиялъул пачалихъияб байрахъалъул къоялъул хIурматалда райцентралда тIоритIана батIи-батIиял акциял ва байрахъгун автомашинаби буна.





Гьединго данделъаразда цеве кIалъазе вахъана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаров.

Районалъул бетIерасул ва жиндирго рахъалдаса гьес баркана улкаялъул байрахъалъул къо, ва гьарана кинабго лъикIаб щинаб, ВатIаналъе цебетIей – тIегьай. Россиялъул гимналда гьоркь МухIамад ГIумаровас байрахъ борхизарачи.

ЦДОДалда лъай босулез педагогазгун цадахъ рикьана райцентралда гIумру гьабулезе триколорал, ва гIолохъанлъиялда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ специалистги гIахьаллъун Россиялъул байрахъ бигьана КIудияб ВатIанияб рагъда камуразе бараб памятникалда цебе.



## Балагьал лъугьа-бахъинал хIасилалда



2023 соналъул 5 августалда ведомствабазда гьоркьосеб хехаб кьокъаялъ кинабго рахъалъул хал гьабуна хехал цIадазул хIасилазда 2023 соналъул 4 августалда Арчиб росдал поселениялъул Алчуниб росдал ракьалда ккарал заралазул.

Кьокъаялда гьоркьор рукIана Россиялъул ГУ МЧСалъул ДРялда бугеб ракIалда гьечIел лъугьа-бахъиназдаса гIадамал ва ракьал цIунулеб отделалъул начальник ва граждаНазул оборонаялъул управлениялъул начальникасул заместитель, полковник ГIалиев С. Н., республикаялъул РСЧС ГКУ РД «Центр ГО и ЧС» подсистемаялдехун хIалтIулеб отделалъул начальникасул заместитель СалихIов А.М., ДРялъул бетIерасул Управлениялъул бакIалъулаб самоуправлениялъул ва жанисеб политикаялъул консультант Шахманова Д.А., ДРялъул госфинотделалъул хъулухъалъул нухмалъулев Ибрагьимов М.С., ДРялъул Минприродаялъул лъим хIалтIизабиялъул ва лълъел объектал цIунулеб Управлениялъул отделалъул начальник Магьдиев Т.Ш., ГКУ «Дагъавтодоралъул» нухмалъулесул заместитель ГIумаханов З.Г., ГКУ РД «Дагъавтосервисалъул» нухмалъулесул тIоцевесев заместитель ГIабдурашидов З.Н., «Чародинский район» МОялъул администрациялъул бетIер МухIамадов М.А., гьесул заместитель ГIумаров М.З., «сельсовет Арчибский» МОялъул бетIер МухIамадханов А.М.

2023 соналъул 4 августалда рарал хехал цIадазул хIасилалда «сельсовет Арчибский» МОялъул ракьалда ккараб заралалъул хал гьабулаго баянлъана хадусеб:

Хехал цIадаз бачIинабураб хIариялъ жаниб цIезабун буго Алчуниб росдал рукъзабазда гьоркьоса гIодобе чваххулеб «Гвера» гIор, гьелъул хIасилалда хIарул цIезарун руго 4 рукъалъул подвалал ва гьоркьиял тIалаби, 10 рукъалъул подвалал ва азбарал. Гьеб гуребги хехал цIадазул хIасилалда хвезарун руго росдада жаниса автомашинаби хьвадулеб нух (400 метралъул манзилалда), росулъе бачараб лълъел мухъ. Хал гьабулеб заманалда «сельсовет Арчибский» МОялъ жидерго къуваталдалъун ва харжалдалъун заманалъулаб схемаялда рекъон рукIалиде ккезабун батана гьеб. Хварал арал ккун гьечIо. Токалъул мухъал хун гьечIо.

Районалъул администрациялъ ралагьулел руго ресал бакIалъулаб бюджеталдаса ва цогидалги бакIаздаса гIарцулаб рахъалъ кумек гьабиялъе.

Пожарниказулгун спасателазул подразделениязул цадахъаб къуваталдалъун (14 чи) ва росуцоязулги кумекалдалъун заманалъул валги, дренажалъулаб каналги гьабун лълъел мухъ гIумру жаниб гьабулел рукъзабазе зарал кколаредухъ цогидаб рахъалдехун тIамун буго.

ХIалтIаби гьаруна хIарул цIурал 4 рукъ бацIцIад гьабиялъеги.

Лъабго бакIаб техникаги бачIун ритIизаруна нухалги.

## Детская шалость приводит к пожарам!

Пожары, возникающие по причине детской шалости – явление, к сожалению, далеко не редкое. Финал таких пожаров может быть очень трагичным – гибель ребенка.

Почти все маленькие дети проявляют повышенный интерес к огню, не осознавая в полной мере его потенциальную опасность. В подростковом возрасте дети в своих играх часто повторяют взрослых, имитируя их действия, труд. В этом возрасте детям хочется все скорее узнать и испытать на себе. Стремление к самостоятельности особенно проявляется, когда дети остаются дома одни. Нельзя быть уверенным в том, что оставшись один, ребенок не решится поиграть с коробкой спичек, не захочет поджечь бумагу, не устроит костер, который однажды видел в лесу.

Бывают случаи, когда взрослые ввиду разных обстоятельств вынуждены оставлять детей на какое-то время без надзора. Это опасно, особенно если дети остаются в запертых квартирах или комнатах. В случае пожара они не смогут выйти из опасного помещения наружу.

На основании выше изложенного, хочется обратиться к родителям: проведите профилактические беседы со своими детьми, расскажите им об опасности игр со спичками и другими пожароопасными предметами, объясните им, что ни в коем случае нельзя поджигать сухую траву, разводить костры, каким бы увлекательным занятием это не казалось

- рассказывайте детям о пожаробезопасном поведении;
- будьте примером во всех ситуациях, связанных с соблюдением правил пожарной безопасности;
- не оставляйте спички в доступном для детей месте;
- не поручайте детям разжигать печи, газовые плиты, самостоятельно включать электробытовые приборы;
- следите, чтобы дети не разжигали костры;
- уходя из дома, не оставляйте малолетних детей без присмотра;
- организуйте ребенку интересный досуг.

Научите ребенка правильным действиям при пожаре. При обнаружении пожара или признака горения (задымления, повышенной температуры, запаха гари и т.п.) ребенок любого возраста должен немедленно покинуть помещение. Сообщить о пожаре взрослым или в пожарную охрану по единому телефону спасения «101» или «112».

Очень важно, чтобы дети запомнили эти советы. Личным примером учите, детей соблюдению правил пожарной безопасности. Только большой заботой о наших детях мы сможем предупредить пожары из-за детской шалости, сохранить свой дом, имущество и самое дорогое – жизнь ребенка.

**УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!**

**В случае беды немедленно сообщите в экстренные службы по телефонам:**

**«112» — Единая служба спасения.**

*Начальник ОНД и ПР № 16 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД, майор внутренней службы*
***Н.Г. ОМАРОВ***

# Районалда цІияб воркаут-площадка

*(Байбихьи 2-аб. гьумералда)*

гьалъие росуцоясул цІар кьун букІиналдаса. Гьес гІемераб гьабуна районалда, республикаялда ва тІолабго улкаялдаго спорт цебетІезабиялъе. ГІумарасхІабица тарбия кьун гІезабуна тІадегІанаб классалъул спортсменазул плеяда. Биччанте гьес тар-



бия кьуразулги лъугьине къадруял ва хІурматиял спортсменал. Гьарула киназего талихІ, битІккей ва кидагосеб ракълилаб зоб», - ян абуна данделъараздехун вуссун жиндирго кІалъаялда муниципалитеталъул бетІерас.

ЦІуриб поселениялъул бетІер Муслиматица баян гьабуна воркаут-площадка лъеялъе гьеб бакІ тІаса бищиялъул. Хадуб баркала кьуна ДРялъул минспорталъе райцентралда гІумру гьабулезе пайдаяб, хайираб площадка кьуралъухъ.

Хадур кІалъазе рахъарал ГІумарасхІаб Юсуповасул вас МухІамадица, вац ГІубайдула Османовас жидерго гІагарлъиялъул рахъалдаса ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб площадка лъезе ракІалде ккаразе, гьениб кумекалъул квербакъаразе.

«КІудияб баркала буго киналго гьалбазе, жакъа нижер эменги вацги кІодо гьавун, гьевги ракІалде щвезавун гьаб тадбиралда гІахьаллъизе рачІаралъухъ», - ян абуна гьез.

Жиндирго иргаялда ГІумарасхІаб Юсуповасул гІумруялъул ва спорталъул хІасилазул бицана Ярбилав Ярбиловас: «Щивав жиндирго цІалдохъанасе гьев вукІана эменлъунги, дацилъунги ва гьудуллъунги. Баян гьабизе бокьун буго гьаб гьитІинабго Содаб росулъа рахъана 11 цІар рагІарал спортсменал, РФялъул ва СССРалъул спорталъул мастерал – гьезда гьоркьоса 3 – мустахІикъалги. Гьелъулъ аслияб бутІа буго жиндирго ишалъе мустахІикъав, ритІухъав нижер росуцояв ГІумарасхІабил», - ян тІадеги жубана ЦІуриб поселениялъул депутатазул Собраниялъул председателас.

Хадуб ГІумарасхІаб Юсуповасул васакІоца бицана жиндирго херав инсул гІумруялъул хІакъалъулъ.

«Дир херав эмен ГІумарасхІаб гьавуна 1940 соналъул 3 маялда Содаб росулъ. 1959 соналда лъугІизабуна ЦІуриб гьоркьохъеб школа ва цІализе лъугьана Буйнакскиялъул медучилищаялде. 1961 соналда ана армиялде. Хъулухъ гьабуна Грузиялъул Цхамтуб шагьаралда, Турциялъул гІорхъода. 1965 соналда цІализе лъугьана Краснодаралъул физкультураялъул Институталде ва гьениса витІун вачІана ДГПИялде. ЦІалулеб заманалдаго щвана СССРалъул спорталъул мастерасул цІар. Институт лъугІун хадуб «Физкультураялъул хІурматияв хІалтІухъан» абураб гІаламатги», - ян бицана гьев васас.

Хадуб багІараб лента къотІана МухІидин МухІамадовас ва МухІамад Юсуповас. Цинги киналго гІахьалчагІи ана площадкаялде спорталъул элементазул хал гьабизе.

Тадбир лъугІигун гьалбал ана самоваралдаса махІ гьуинаб чай гьекъезе ва гьуинлъабазулгун фруктазул тІагІам босизе.

РакІалде щвезабила гьеб площадка лъугьине буго гІемерал чагІазул ракІал жиндихъе цІалеб бакІлъун.

Гьенир ине бегьула гьанжего гьанже спорталде лъугьунелги ва хІалбихьи бугел спортсменалги. Площадка хьезабун буго воркаутальул хІажатал киналго алатаздалъун: рекъезарун руго кольцаби, шведскияб стенка, отжиманиялъе хьарщал, турникал, баскетболалъе кольцо, брусьяби, рукоходал ва цогидаби. Гьелда тІадеги площадкаялда рекъезарун руго инвалидал колясочниказе хІажатал элементалги.

РачІа киназго спорталде кІвар кьезин. Сахаб черхалда – сахаб рухІги, къуватги букІуна.




# МухІамадова Аминат МухІамадовна



*Махщелги гьунарги*
*Аллагьас кьурай,*
*Намусги къадруги*
*борхатго ккурай,*
*МагІнаги гІакълуги*
*цІакъго бечедай,*
*Эбелалъул тІалаб,*
*яцалъул рокьи лъиего тарай.*

Гьединай унго-унгояй гІадатияй мугІрузул яс йикІана, жиндир мунагьал чураяй, хІал алжаналъуб батаяй **Аминат МухІамадовна.**

Гьей гьаюна ЧІарада районалъул Гьунухъ росулъ 1958 соналъул 25 февралалда.

Кьорош гьоркьохъеб школаги лъугІун хадуй цІалана Буйнакскиялъул педучилищаялда. Гьелда гІей гьабичІого 1991 соналъ лъугІизабуна Дагъистаналъул Пачалихъияб институтги. ХІалтІизе лъугьана чанго батІи-батІиял хъулухъазде. Амма кие кканиги, щиб хІалтІи тІаде босаниги, гьелъ жийго йихьизаюна кІвахІ лъаларей, бажари бугей, гьунар тІокІай, тІаде босараб иш рагІаракьанде щун тІубазабулейлъун йикІин.

Цудунго бетІергьанчиги хун гьелъ гІезабуна лъабго лъимер, кІиго вас ва цо яс.

Гьелги лъугьана жийго гІадал кІвахІ лъаларел, гІаданлъигун яхІ бугел, гІадан-инсанасул къимат гьабулел, чІухІи-пахрулъи рекІелъ гьечІеллъун.

ГІумруялъ гІезегІан кІвекІана пакъир, къисматалъ чанги цебе хІетІе лъуна гьелда. Амма Аллагьас кьуралда разияй йикІун, Гьесул квербакъиялдаса хьулги кьотІичІого, захІмалъабазе къуркьичІого цее ана гьей гІумруялъул нухда. КІудиязе яслъиги, кьерилазе яцлъиги, гьитІиназе эбеллъиги гьабулаан гьелъ. Киназего къваригІунаан гьей жидерго ургъел-къварилъи букІа, рекІел гІатІилъи букІа, бикьизе. РакІ чучлъизабуледухъ хабар бицулаан, гІакълу кьолаан.

Ахирисел соназ гьей тІадюссана жиндирго росулъе ва хІалтІизе лъугьана нахъеги Кьорош гьоркьохъеб школалда захІматалъул дарсазул мугІалимлъун, гьединго интерналъул лъималазул воспитательлъун.

Гьелдаго цадахъ гьелъ тІубазабулаан ЦДОялъул хъулухъги, ай гьелъ гьиралда куцалаан гІун рачІунел ясал, рукІинесел улбул, гьезие гІумруялъулъ гІемер къваригІунел ишазде, махщалиде.

«Махщел буго, дир тІанчІи, къваригІани хІалтІизабизе, хІажат ккечІони бакІарун тезе бегьулеб хазина», - ян абулаан гьелъ хІеренаб мацІалъ цІалдохъабазда. Унгоги гьелъухъ жиндихьгоги гьечІеб махщелго букІинчІо. Бокьараб иш тІад къазе бегьулей, цІадае кІанцІунги гьеб тІубазабулей, цІакъго бечедаб ракІалъул, меседил кверазул гІадан йикІана гьей. Гьелъул цІалдохъабазги кидаго цо районалда гурел, республикаялдагицин цересел бакІал росулаан. Гьезул цадахъал хІалтІаби рукІунаан бер балагьарабго рекІелъе роргулел, гьваридаб магІна жаниб бессарал, мухІканго ракІги кьун гьарурал.

2014 соналъ гьей жийгоги гІахьаллъана «Бищун лъикІав классалъул нухмалъулев» абураб конкурсалда. Гьенийги жиндирго гІумруялъул саназдe ялагьичІого, сордо-къо абичІого хІадурлъана ва мустахІикълъана тІоцебесеб бакІалъе районалда ва кІиабилеб бакІалъе республикаялда.

2018 соналъ Аминат МухІамадовнаялъе кьуна «Почетный работник РФ» абураб цІар. ХІакъикъаталдаги гьей мустахІикъай йикІана жеги тІадегІанаб цІаралъегун шапакъатазе.

Пайда щибха… ТІадегІанав Аллагьас нилъ киналго рижарал руго, хадур жиндихьего рачине. Ахират кинаб букІинебали бараб буго нилъерго хьвадачІвадиялда, гІамал-хасияталда.

ЗахІматаб унтиялъ кІвекІун, Аминат МухІамадовна нилъедаса ятІалъана 22 августалда. Гьелда бан, гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго гьелъул хьизан-лъималазда, гІага-божаразда, росу-жамагІаталда, гьудул-гьалмагълъиялда.

Ахират лъикІаб кьун ятаги Аллагьас. Нахъе ругезе сабругун сахлъиги кьеги. Амин.

**Кьорош гьоркьохъеб школалъул ва районалъул ЦДОдялъул хІалтІухъаби**

**ЧІАРАДА**
**БетІерай редактор** Земфира МухІамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитІинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухІамадгІалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГІабдурахІманова

**Газета гІуцІарал:** **«ЧІарада район» муниципалияб гІуцІиялъул администрация**
**Учредитель:** **Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватІибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахІачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватІибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧІарада район, ЦІуриб росу, имам Шамилил къватІ, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хІужжабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*